



KHUTBAH JUM'AT

PENGURUS CABANG
NAHDLATUL ULAMA CILACAP





KHUTBAH JUM'AT BUDI PEKERTINA JALMI MUKMIN

Ditulis oleh Jamal Shidiq, S.Pd.I

= KHUTBAH PERTAMA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا لِهَذَا وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْلَا أَنْ هَدَانَا اللَّهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لِأَنِّي بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَالتَّابِعِينَ وَالتَّابِعِينَ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ، اتَّقُوا اللَّهَ حَيْثُمَا كُنْتُمْ وَإِنَّ الْجَنَّةَ أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ. وَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ . لَا خَيْرَ فِي كَثِيرٍ مِّنْ نَّجْوَاهُمْ إِلَّا مَنْ أَمَرَ بِصَدَقَةٍ أَوْ مَعْرُوفٍ أَوْ إِصْلَاحٍ بَيْنَ النَّاسِ وَمَنْ يَفْعَلْ ذَلِكَ أَبْتِغَاءَ مَرْضَاتِ اللَّهِ فَسَوْفَ نُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا

Hadirin Ahli Jum'ah Rohimakumulloh!

Ti kawitan Islam lungsur ngalangkungan perantawis Kangjeng Rosul saw kaayaan anu harénghéng sarta matak gimir, robah janten kaayaan anu mantak pikabetaheun luyu sareng jalanna waktos. Atuh lami-lami janten duduluran, silih hargaan, sabilulungan di antara suku bangsa Arab ngawitan katingali saé pisan sareng ajeg kiat didasaran ku pilar akidah Islam.

Al-Qur'an mepélingan, yén duduluran jeung paheuyek-heuyek leungeun anu diwangun, éta nikmat anu dianugerahkeun ku





Alloh ka jalmi-jalmi anu ariman. Kantenan Kangjeng Rosul saw seueur pisan ngelingan luhurna darajat wasilahna ajaran Agama Islam.

Kangjeng Nabi Muhammad saw nyamikeun duduluran diantara sasama mukmin téh lir ibarat hiji dedegan atanapi wangunan, anu teu tiasa dipisahkeun bagian-bagianna, sangkan éta wangunan jadi sampurna weweg. Pidawuh Mantenna:

الْمُؤْمِنُ لِلْمُؤْمِنِ كَالْبُنْيَانِ يَشُدُّ بَعْضُهُ بَعْضًا

Hartosna: *“Ari mukmin pikeun mukmin sejenna téh lir ibarat hiji wangunan anu saling nguatan ka sawarehna deui”*. (HR Bukhari Muslim)

Ajaran Islam, boh nu patali sareng hablum minalloh oge hablum minannaas, tetep dasarna kudu aya dina kaajegan anu mulya. Sapertos dina ngadegkeun sholat kedah beresih tina hadats sareng najis. nyakitu deui, dina ibadah goeru mahdoh, nya ningalikeun kamulyaan, sapertos akhlak nu mantak pikabetaheun jalmi lian-na. kumargi kitu, dina ngabuktikeun yen Islam teh pikabitaen, hayu urang titenan sababaraha hal ieu:

Kahiji; Jalmi Mukmin kedah ngajaga duduluran jeung nyinglarkeun pacengkadan, ieu teh mangrupikeun bukti pageuhna iman. Sabalikna ngagugulung mumusuhan sarta papaseaan, éta teh jadi ciri lemahna iman.

Kadua; salawasna kedah waspada yén sumber kaceuceub, mumusuhan, beda paham anu aya diantara umat éta téh, dorongan





sareng panggoda syetan anu dilaknat. Lantaran, tipu daya syetan salawasna bakal ngolo ngajak manusa kana jalan anu mengpar, diantaranya nyaéta nanceubkeun kaceuceub sarta mumusuhan.

Katilu; duduluran jeung guyub teh bakal ngadatangkeun kauntungan sarta ngajaga kamulyaan status sosial. Sabalikna papaséaan sarta mumusuhan bakal nimbulkeun karugian sarta ragragna harkat darajat manusa, sakumaha anu parantos dijelaskeun dina QS. Al-Anfal Ayat 46

وَاطِيعُوا اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَلَا تَنَازَعُوا فَتَفْشَلُوا وَتَذْهَبَ رِيحُكُمْ وَاصْبِرُوا إِنَّ اللَّهَ مَعَ الصَّابِرِينَ

Hartosna ; "Taatilah Alloh jeung Rosul-Na ulah anjeun berselisih, anu nyebabkeun anjeun jadi gentar jeung kakuatan anjeun hilang, bersabarlah. Sungguh, Alloh teh sarta urang-urang anu sabar".

Kaopat; pacéngkadan sarta mumusuhan teh jadi sabab bakal ditutupna ampunan Alloh SWT. Jadi rugi anu pohara badagna pikeun umat, lantaran saéstuna cita-cita sadaya muslim, tangtos miharep panghampura ti Nu Maha Kawasa sareng salamet dunya akherat, tur ditebihkeun tina seuneu naraka.

Jeung anu Kalima, ngajadikeun duduluran sarta guyub, minangka anu jadi salah sahiji diantara jalan amal sangkan kening ridhona Alloh SWT.

Sing saha anu ngalaksanakeun kalawan didasaran ku iman sarta niat anu lempeng, maka bakal kening ganjaran anu agung. Ganjaran éta mangrupi kanikmatan didunya, anapon kanikmatan





sawarga engké jaga diakherat. Eces pisan dina al-Qur'an Surat An-Nissa ayat 114., Alloh SWT. Nandeskeun:

أَوْ مَعْرُوفٍ أَوْ إِصْلَاحٍ بَيْنَ النَّاسِ وَمَنْ يَفْعَلْ ذَلِكَ ابْتِغَاءَ مَرْضَاتِ اللَّهِ فَسَوْفَ نُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا

Hartosna: "Atawa ngalampahkeun kahadean atawa nyieun karepeh-rapihan antara sasama manusa. Jeung sing saha nu milampah kitu karana miharep ridho Alloh, maka ku Kami bakal dipaparin ganjaran anu pohara géděna". (An-nisa: 114)

Hadirin Ahli jum'ah rohimakumulloh !

Saéstuna dina Ajaran Islam ngeunaan duduluran téh nikmat anu ageung pisan, sabab mumusuhan papalingpang paham sarta silih pika ceuceub eta teh hiji panyakit jeung pacogregan anu bakal nyEEPkeun tanaga. Duduluran oge bakal jadi nikmat anu badag, hargana mahal lantaran nikmat duduluran sarta gotong royong, guyub silih pikadeudeuh teh mangrupikeun nikmat dina jiwa (hate). Ku jalan duduluran sarta gotong royong, sakumaha beuratna oge hiji pagawean, pasti bakal bisa jadi hampang.

Ajaran Islam dina ngamulyakeun tatali kawargian, tangtu curahanana nyandak manfaat kasakumna umat manusa di ieu alam dunya, kalebet lemah cai, nu kasebat urang Sunda. Margi kitu, urang sunda tibaheula oge tos ngagem sarta ngartos kana pentingna duduluran sarta gotong royong.





بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ، وَتَقَبَّلْ مِنِّيْ وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ. أَقُولُ قَوْلِيْ هَذَا وَاسْتَغْفِرُ اللهُ الْعَظِيْمَ لِيْ وَلَكُمْ فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ.

=KHUTBAH KADUA=

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ، وَبِهِ نَسْتَعِيْنُ عَلَى أُمُوْر الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى أَشْرَفِ الْأَنْبِيَاءِ وَالْمُرْسَلِيْنَ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِيْنَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ الْمُبِيْنُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِيْنُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِيْنَ . اَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مُنْزَلًا مُّبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ الْمُنْزِلِيْنَ. رَبَّنَا أَفْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِيْنَ، رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ.

